No. 101

E G Z E K I T I F D E K R È

PWOLONGASYON SISPANSYON DISPOZISYON KI KONSÈNE REDRÈSMAN ENFRASTRIKTI SÈVIS TRANSPÒ POU SITIYASYON IJANS ETA A AKÒZ KATASTWÒF

ALÒSKE, nan dat 26 oktòb 2012 , mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 47, pou deklare yon sitiyasyon ijans akòz katastwòf nan tout 62 konte nan Eta New York la;

ALÒSKE, nan dat 24 avril 2013, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 98 pou kenbe deklarasyon sitiyasyon ijans ki te deklare nan Dekrè Egzekitif Nimewo 47 nan konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster ak Westchester pandan katrevendis jou;

ALÒSKE, enstalasyon Metropolitan Transportation Authority yo ak sikisal ouben sosyete afilye li yo (yo rete ansanm, “MTA” a) te sibi gwo tonton domaj pandan pasaj Sipè Ouragan Sandy; epitou

ALÒSKE, nan dat 17 me 2013, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 99 pou sispann dispozisyon Lwa sou Otorite Piblik yo pou pèmèt MTA akselere atribisyon kontra yon fason pou egzekite rapidman travay reparasyon, rekonstriksyon, reyablitasyon ak atenyayson ki enpòtan ak nesesè yo epi pou maksimize itilizasyon lajan asistans federal la;

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, akòz otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la, epitou apre mwen te konsidere tout enfòmasyon ak sikonstans enpòtan, mwen mande pou sispansyon dispozisyon lwa, selon jan Dekrè Egzekitif Nimewo 99 egzije sa, dwe kontinye jouk nan dat 16 jiyè 2013.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, dizwityèm jou mwa jen nan ane

de mil trèz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a

Haitian Creole